# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–18 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

पूर्वोत्तर रेलवे क गोरखपुर–गोण्डा–बाराबंकी राही पे मोतीगंज– झिलाही हाल्ट स्टेशनन के बिच्चे डाउन लाईन पर आजु दुपहरिया बादि चंडीगढ़–डिब्रूगढ़ एक्सप्रेस क 5–6 बोगियन क पटरी से उतरले क खबर हौ। हादसा क खबर मिलले तक मनकापुर स्टेशन से 5 किलोमीटर दूर भइल यह हादसा में दू जने का मउति हो गइल जबकि 20 जने घाही हो गइल हवें। येह ट्रेन हादस के कारण लखनऊ–गुवाहाटी रेलखण्ड पे ट्रेनन का आवाजाही बाधित हो गइल हौ। कई ट्रेन के अलग–अलग स्टेसनन पर रोकि देहल गइल हौं। पूर्वोत्तर रेलवे के जनसम्पर्क अधिकारी बतवले कि राहत अउर बचाव बदे रेलवे मेडिकल वैन, 15 एम्बुलेंस अउर टीम मउका पे पहुंच गइल हौ। हादसा से जुडल कवनो जानकारी बदे लखनऊ क हेल्पलाइन नम्बर–8 9 5 7 4 0 9 2 9 2 अउर गोण्डा क हेल्पलाइन नम्बर–8 9 5 7 4 0 0 9 6 5 आ 8 9 5 7 4 0 7 5 9 6 पर संपर्क कइल जा सकेला। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अधिकारियन के राहत कार्य में तेजी ले अवले अउर घाही लोगिन क पुरहर इलाज क निर्देस दिहले हवे।

मुख्यमंत्री क निर्देस के बादि अपर मुख्य सचिव गृह, प्रमुख सचिव स्वास्थ्य अउर राहत आयुक्त क टीम राहत कार्य में जुट गइल हइनि। येह बीच पूर्वोत्तर रेलवे राही बदल के ट्रेन क संचलन सुरू कइ दिहले हौ। गोण्डा–गोरखपुर पैसेंजर गांड़ी संख्या 5 0 9 4 अउरि 5 0 3 1 के रद्द कइ दिहल गइल हौ। जबकि सप्तक्रान्ति एक्सप्रेस, वैशाली एक्सप्रेस, बाध एक्सप्रेस, बिहार संपर्क क्रान्ति एक्सप्रेस समेत 10 ट्रेन का राही बदल दिहल गइल हौ।

**********

मेडिकल प्रवेश परीक्षा, नीट यूजी दो हजार चौबीस से जुडल याचिकन आजु सुप्रीम कोर्ट में सुनवाई भइल। मुख्य न्यायाधीश डीवाई चन्द्रचूड़, न्यायाधीश जेबी पारडीवाला अउर न्यायाधीश मनोज मिश्रा क पीठ राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी, एनटीए के सज्जों छात्रन के नम्बर अपने वेबसाइट पे जारी कइले क आदेस दिहल हौ। कोर्ट कहलस की एनटीए 20 जुलाई ले नीट देवे वाले सज्जों परिक्षार्थियन क नम्बर केन्द्रवार अउर सहरवार ऑनलाइन जारी कइल जाए। छात्रन क पहचान उजागर न कइल जाए। येह मामिला में अगिला सुनवाई 22 जुलाई के होइ।

**********

22 जुलाई से सुरू हो रहल पवित्र सावन महिना में बाबा विश्वनाथ क दर्शन पूजन बदे काशी विश्वनाथ मंदिर ट्रस्ट की ओरि से नया नियम लागू कइल गइल हौ। काशी विश्वनाथ मंदिर क मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्व भूषण मिश्र बतवले कि सावन के हर सोम्मवार के दैनिक पास निरस्त रही। येह दिन मंदिर में लॉकर क सुविधा नाह मिली अउरि गर्भगृह में स्पर्श दर्शन बिलकुले बंद रही।

**********

अजोध्या के श्रीराम जन्मभूमि मंदिर में रामलला के रोज दरसन बदे पास जारी कइले का कवायद सुरू हो गइल हौ। श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट के महासचिव चंपत राय बतवले कि भिन्नही 10 बजे से संझा 6 बजे ले कचहरी आश्रम, रामकोट में ट्रस्ट क कैंप कार्यालय आ रामपथ पर तीर्थ यात्री सेवा केन्द्र पर दरखास देके अनुमति पत्र लिहल जा सकेला ई पत्र छह महिन्ना बदे बैध रही।

**********

प्रदेश में हरित क्षेत्र क दायरा बढ़ावे बदे **"पेड़ लगाओ, पेड़ बचाओ अभियान"** के तहत ऐह साल 36 करोड़ से बेसि पौधा रोपल जाई। प्रदेस क चार एक्सप्रेस–वे पर दुई लाख से बेसि पौधा लगावल जाई। यूपी डिफेंस इंडस्ट्रियल कॉरिडोरों में एक लाख पौधा रोपल जाइ। निर्माणाधीन गंगा एक्सप्रेस–वे क किनारे 500 हेक्टेयर क्षेत्र में पौधरोपण अउरि 10 साल ले देख–रेख बदे यूपीडा के ओरि से वन विभाग के 36 करोड़ रुपिया से बेसि दिहल जाइ। आगरा–लखनऊ एक्सप्रेस–वे पे 15 हजार, पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे पे 1 लाख 6 हजार, बुंदेलखंड एक्सप्रेस–वे पर 25 हजार, गोरखपुर लिंक एक्सप्रेस–वे पे 91 हजार 600 पौधा रोपल जाइ।

**********

एक जिला एक उत्पाद योजना में टेराकोटा शिल्प के कारीगरन क हुनर निखारले अउरि उनकर उत्पाद के बड़हन बाजार मुहैया करे बदे भारतीय लघु उद्योग विकास बैंक, सिडबी के ओरि से भरवलिया में कॉमन फैसिलिटी सेंटर, सीएफसी क स्थापना कइल जाइ। सिडबी लखनऊ रीजन क महाप्रबंधक मनीष सिन्हा बतउले कि सीएफसी के जरिया से नया लोग टरेनिंग लेके टेराकोटा के कारोबारि से जुड सकेलें।

**********